# Қарақалпақстанлы волейболшылар «Универсиада-2020» жарысының финал басқышында қатнаспақта

Наманган ўәлаятында волейбол бойынша еркеклер арасында «Универсиада-2020» спорт жарысларының финал басқышы болып өтпекте. Оған Қарақалпақстан Республикасы сайланды командасы да қатнаспақта.

Image not found or type unknown

Бүгин жерлеслеримиз майдан ийелери – Наманган ўәлаяты сайланды командасы менен ойнайды.

Ертең Ташкент қаласы менен өткерилетуғын жарыс алдынан қарақалпақстанлы спортшылар бүгинги жарыста жеңимпаз болса, «Универсиада-2020» спорт жарысларының жеңимпазы болыўына имканиятлары жоқарылайды.

Жерлеслеримизге әўмет тилеп қаламыз!

Фотода Наманганға қарсы ойын алдынан таярлық процеси.

Қарақалпақстан хабар агентлиги